


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Saméméh medar ngeunaan desain panalungtikan, ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kuantitatif anu ngagunakeun metode kuasi ékspérimén kalawan désain *one group pretest posttest*.

Arikunto (2010, kc.123), pamarekan kuasi ékspérimén (*quasi experiment*) kabagi jadi tilu rupa nyaéta 1) *one shot case*, 2) *one group pretest posttest design*, jeung 3) *posttest only control group design*. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pretest posttest design*.

Arikunto (2010, kc.124) nétélakeun désain *one group pretest posttest design* mangrupa désain anu dilakukeun dua kali nyaéta saméméh jeung sabada ékspérimén. Kagiatan tést nu dilaksanakeun saméméh ékspérimén (O_1) disebut *pre-test*, jeung tést sabada dilaksanakeun ékspérimén (O_2) disebut *Post-test*. Ieu di handap digambarkeun desain panalungtikan.



(Arikunto 2010, kc. 124)

Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

Keterangan:

- O_1 = Kamampuh nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél *Teams Games Tournament* (TGT)
- X = *Treatment* (perlakuan pangajaran ngagunakeun modél *Teams Games Tournament* (TGT))
- O_2 = Kamampuh nulis téks biantara sabada ngagunakeun modél *Teams Games Tournament* (TGT)

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 127), sumber data nyaéta subjék anu ngahasilkeun éta data. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 1 Rajapolah alamatna Jl Kebon Kalapa No. 48, Desa Manggungjaya, Kecamatan Rajapolah, Kabupaten Tasikmalaya, Provinsi Jawa Barat, kode pos 46155. Sumber data dina


ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas IX I SMPN 1 Rajapolah Taun Ajar 2022/2023 anu jumlah siswana 25 urang, ngawengku 12 lalaki jeung 13 awéwé. Sumber data digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabel 3. 1 Sumber Data Panalungtikan

Kelas	Jenis Kelamin	Jumlah
IX-I	Lalaki	12
	Awéwé	13
Jumlah		25

3.3 Prosedur Panalungtikan

Alur prosedur panalungtikan katitén saperti bagan ieu di handap.



Bagan 3. 2 Prosedur Panalungtikan

Dumasar bagan prosedur panalungtikan, léngkah-léngkah ieu panalungtikan dipedar saperti ieu di handap.

a. Masalah anu karandapan dina pangajaran basa Sunda

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru basa Sunda anu aya di sakola SMPN 1 Rajapolah ngeunaan pasualan anu karandapan di kelas IX nalika pangajaran biantara, hususuna di kelas IX I.

b. Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun rumusan masalah dumasar pasualan anu karandapan di sakola SMPN 1 Rajapolah.

c. Raraga tiori

Sabada ngarumuskeun rumusan masalah, tuluy panalungtik nangtukeun tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

d. Ngarumuskeun Hipotésis

Sabada panalungtik ngarumuskeun tiori, satuluyna panalungtik ngarumuskeun hipotésis. Ieu hipotésis pikeun jawaban sementara tina masalah panalungtikan anu bakal kabuktian jawabanna tina data anu geus di kumpulkeun.

e. Nyusun instrumén Panalungtikan

Sabada ngarumuskeun Hipotésis, panalungtik nyusun instrumén anu rék digunakeun pikeun panalungtikan.

f. Ngumpulkeun Data

Sabada kapanggih pasualan anu karandapan di SMPN 1 Rajapolah kelas IX I taun ajar 2022/2023, tuluy ngayakeun panalungtikan ka kelas. Panalungtikan ka kelas ieu pungsina pikeun néangan data. Téknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés. Tés dilaksanakeun dua kali nyaéta tés awal (*pret-test*) jeung tés ahir (*post-test*). tés awal (*pret-test*) anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél *Teams Games Tournament* (TGT). sedengkeun tés kadua nyaéta tés ahir (*post-test*) anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis téks biantara sabada ngagunakeun modél *Teams Games Tournament* (TGT).

g. Analisis Data

Data anu dikumpulkeun ngaliwatan *pret-test* jeung *poss-test* anu dilaksanakeun ku siswa satuluyna dianalisis ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik

h. Nyusun Laporan Panalungtikan

Sabada ngalaksanakeun sakabéh prosedur panalungtikan, tuluy panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Teknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta teknik tés. Teknik tés ieu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis téks biantara bari merhatikeun kana struktur téks jeung aspék kabahasaanna. Struktur téks biantara ngawengku kana bubuka, eusi jeung panutup. Sedengkeun struktur kabahasaan ngawengku kana tatakrama basa, éjahan, jeung tanda baca.

Teknik tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*). Teknis tés dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis téks biantara saméméh jeung sanggeus dilarapkeunna modél *Teams Games Tournament* (TGT). Hasil tina dua tés ieu bisa dibandingkeun pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna kamampuh siswa dina nulis téks biantara sanggeus dilarapkeunna modél *Teams Games Tournament* (TGT).

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun dina ngumpulkeun data. Instrumén panalungtikan kawilang penting pisan, ku sabab kahontal henteuna ieu tujuan panalungtikan ditangtukeun ku alus henteuna instrumén panalungtikan.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun nyaéta lembar tés. Nurutkeun Arikunto (2010, kc.193), tés mangrupa sababaraha patalékan atawa latihan sarta alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intelegénsi, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok. Tés dilaksanakeun dua kali, kahiji tés awal (*pretest*) anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél

Teams Games Tournament (TGT). sedengkeun tés kadua nyaéta tés ahir (*Posttest*) anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa nulis téks biantara sabada ngagunakeun modél *Teams Games Tournament* (TGT).

Intrumen *pretest* jeung *posttest* dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

a. Lembar Tés

1) Soal *pretest* jeung *posttest*

Tabel 3. 2 Instrumén *Pretest* jeung *Posttest*

Tés nulis teks biantara
Pék jieun ku hidep hiji téks biantara anu katangtuanna saperti ieu di handap.
1) Témana pilih salah sahiji <ul style="list-style-type: none"> ▪ Paturay Tineung ▪ Miara kabersihan pikeun ngajauhkeun ti sasalad <i>Covid-19</i> ▪ Peran nonoman dina ngajaga kebersihan lingkungan ▪ Atikan penting pisan pikeun para nonoman ▪ Percaya kana qodo jeung qodarna Allah
2) Minimal 3-4 paragraf
3) Komponén anu di peunteun: <ul style="list-style-type: none"> ▪ Raraga nulis ▪ Mamanis basa ▪ Struktur kalimah ▪ Éjahan ▪ Karapihan tulisan
4) Dua jam pelajaran

3.6 Téknik Analisis Data

Téhnik nganalisis data mangrupa kagiatan ngolah data pikeun ngahasilkeun jawaban tina data anu geus dikumpulkeun. Ieu téhnik miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil *pretest* jeung *posttest* siswa, sarta bisa maluruh masalah anu karandapan ku panalungtik dina ngalakukeun panalungtikanna. Sangkan ieu

tujuan kahontal, anapon léngkah-léngkah nganalisis datana saperti ieu di handap.

- a. Mariksa hasil nulis téks biantara siswa tina *pretest* jeung *posttest* dumasar kritéria skor ieu di handap.

Tabel 3. 3 Aspék Penteun

No	Aspek nu diajén	Skor	Kritéria
1	Raraga nulis	18-20	Alus pisan-sampurna: eusina dimekarkeun sacara jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antara paragraf nyambung.
		14-17	Cukup – alus: eusina dipikarkeun sacara jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antara paragraf kurang nyambung.
		10-13	Sedeng – cukup: eusina dimekarkeun kurang jelas, strukturna kurang sistematis jeung lengkep, hubungan antara paragraf kurang nyambung.
		7-9	Kurang pisan – sedeng: eusina dimekarkeun sacara teu jelas, strukturna kurang sistematis jeung lengkep, hubungan antara paragraf teu nyambung
2	Mamanis basa	18-20	Alus pisan – sampurna: paham pisan kana eusi jeung bisa nepikeun eusina kalayan lengkep
		14-17	Cukup – alus: paham pisan kana eusina jeung bisa nepikeun eusina lengkep.
		10-13	Sedeng – cukup: maham kana eusina, tapi dina nepikeun eusina

No	Aspek nu diajén	Skor	Kritéria
			kurang lengkep
		7-9	Kurang pisan – sedeng: teu paham kana eusi jeung teu bisa nepikeun eusina sacara lengkep
3	Struktur kalimah	18-20	Alus pisan – sampurna: ngawasa pisan kana kandaga kecap, pilihan kecapna merenah.
		14-17	Cukup – alus: ngawasa kana kandaga kecap, pilihan kecapna anu merenah.
		10-13	Sedeng – cukup: ngawasa kana kandaga kecap, pilihan kecapna kurang merenah.
		7-9	Kurang pisan – sedeng: teu ngawasa kana kandaga kecap, pilihan kecapna kurang merenah loba kasalahan dina milihan kecapna.
4	Éjahan	18-20	Alus pisan – sampurna: ngawasa kana aturan nulis, jeung maham kana éjahan
		14-17	Cukup – alus: ngawasa kana aturan nulis, jeung saeutik kasalahan dina éjahanna
		10-13	Sedeng – cukup: kurang ngawasa kana aturan nulis, jeung loba kasalahan dina éjahanna.
		7-9	Kurang pisan – sedeng: teu ngawasa kana aturan nulis, jeung loba kasalahan dina éjahanna.
5	Karapihan tulisan	18-20	Alus pisan – sampurna: ngawasa

No	Aspek nu diajén	Skor	Kritéria
			pisan kana tatabasa, jeung tulisanna rapih pisan.
		14-17	Cukup – alus: kurang ngawasa kana tatabasa, tapi dina tulisan rapih.
		10-13	Sedeng – cukup: kurang ngawasa kana tatabasa, jeung aya kasalahan saeutik dina nyusun kalimah tapi tulisanna rapih
		7-9	Kurang pisan – sedeng: teu ngawasa kana tatabasa, loba kasalahan dina nyusun kalimah, tuluy tulisanna teu kaharti.
Jumlah skor		100	

(Nurgiyantoro, 2016, kc. 442 kalayan di ropéa)

- b. Méré peunteun kana hasil nulis téks biantara siswa kalawan ngagunakeun pedoman menteun nurutkeun (Sudjana, 2013, kc. 46):

Rumus

$$P = \frac{\sum skor\ siswa}{\sum skor\ Maksimal} \times 100$$

Keterangan:

P = peunteun

Σ Skor siswa = jumlah peunteun siswa

Σ Skor maksimal = jumlah peunteun maksimal

- c. Ngasupkeun nilai kana tabél saperti ieu di handap.

Tabel 3.4 Tabel Peunteun

No	NS	Aspék anu dipeunteun					Peunteun	Kategori
		A	B	C	D	E		
1								
2								

Isni Nur Fitriani, 2022

MODÉL *TEAMS GAMES TOURNAMENT* (TGT) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS BIANBARA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX I SMPN 1 Rajapolah Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	NS	Aspék anu dipeunteun					Peunteun	Kategori
		A	B	C	D	E		
3								
4								
Σ								
x								

Keterangan:

SN = Nama Siswa

A = Raraga nulis

B = Mamanis basa Struktur kalimah

C = Struktur kalimah

D = Éjahan

E = Karapihan tulisan

Kategori = peunteun \geq siswa dianggap tuntas nulis téks biantara
 peunteun \leq dianggap can tuntas nulis téks biantara

d. Nyindekkeun hasil tina *pretest* jeung *posttest* anu geus di jumlahkeun. Tuluy nyindekkeun ogé naha ieu modél pangajaran téh cocog atawa henteu pikeun kamampuh nulis téks biantara.

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji normalitas jeung uji homogenitas. Data kuantitatif anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ku cara maké *software Statistical Product and Service Solutions (SPSS) versi 24*. *Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* mangrupa hiji program dipaké pikeun mantuan dina ngolah data, ngitung data, jeung nganalisis data statistika. Dina *input* anu dianalisis nyaéta hasil tina *pretest* dina kamampuh nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél *Teams Games Tournament (TGT)*, jeung *posttest* dina kamampuh nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél *Teams Games Tournament (TGT)*, jeung *indeks gain* anu satuluyna bakal dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu miboga pungsi pikeun ngukur normal henteuna data anu digunakeun. Uji normalitas dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji *Shapiro Wilk* ku cara maké *Software Statistical Product and Service Solutions (SPSS) versi 24*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi tada normal

H_1 : distribusi data teu normal

H_0 : ditarima, lamun nilai sig. (signifikasi) $\geq 0,05$

H_1 : ditolak, lamun nilai sig. (signifikasi) $\leq 0,05$

3.6.2 Uji Hipotésis

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 110), hipotésis mangrupa hiji jawaban anu sipatna sementara tina hiji pasualan panalungtikan, nepi ka pasualan éta kabukti ku data anu bener. Uji hipotesis dina ieu panalungtikan ngagunakeun *Software Statistical Product and Service Solutions (SPSS) versi 24*. Hipotésis anu aya dina ieu panalungtikan aya dua nyaéta:

1. Hipotésis nol (H_0) : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX I SMPN 1 Rajapolah taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Teams Games Tournament (TGT)* jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Teams Games Tournament (TGT)*
2. Hipotésis alternarif (H_1) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX I SMPN 1 Rajapolah taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Teams Games Tournament (TGT)* jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Teams Games Tournament (TGT)*.